



Enstriksyon pou pran Konje pou Andikap ak/oswa Familyal Peye pou ou pèsonèlman akòz Karantèn/Izòlman pou COVID-19

- Ranpli Seksyon 1 jiska 2 nan fòm sa a ak Pati A nan *Demann pou Konje Familyal Peye a (Fòm PFL-1)*.
 - Kite Kesyon 11 ak 12 la vid nan *Fòm PFL-1* epi ranpli Seksyon 1 anba a pito.
- Bay patwon ou an fòm ranpli yo.
 - Patwon an ap ranpli seksyon 3 nan fòm sa a ak Pati B nan *Fòm PFL-1 an, nan 3 jou ouvrab.*
- Atache lòd pou karantèn oswa izòlman obligatwa oswa prevantif.*
- Voye tout fòm ak lòd pou karantèn/izòlman bay konpayi asirans PFL patwon ou an ki nan Pati B nan *Fòm PFL-1 an.*

Pou plis konsèy, vizite sitwèb PFL nan PaidFamilyLeave.ny.gov.

SEKSYON 1 - DEMANN KONJE FAMILYAL PEYE (PAID FAMILY LEAVE, PFL) (anplwaye a dwe ranpli I)

Ou ka elijib pou pran TOUDE avantaj yo, avantaj pou andikap ak avantaj pou Konje Familyal Peye jiska yon maksimòm \$2,043.92 pou avantaj andikap epi jiska yon maksimòm \$840.70 pou Konje Familyal Peye, yon TOTAL \$2,884.62 chak semèn.

Rezon pou demann PFL: Avantaj pou andikap ak/oswa Konje Familyal Peye akòz Karantèn/Izòlman pou COVID-19

SEKSYON 2 - ATESTASYON ANPLWAYE (pou anplwaye a ranpli)

Siyati mwen pwouve mwen te itilize tout konje maladi peye akòz COVID-19 yo epi mwen pa gen kapasite fizik pou m travay pou patwon mwen an atravè aksè adistans oswa mwayen ki sanble ak sa pandan yon òdonans karantèn oswa izòlman obligatwa oswa pou pran prekosyon.

Siyati Anplwaye a: _____ Dat: _____

Non Anplwaye a Ekri An Lèt Detache: _____

SEKSYON 3 - ATESTASYON PATWON AN (pou patwon an ranpli)

Siyati mwen pwouve anplwaye sa a te itilize tout konje maladi peye akòz COVID-19 yo epi li pa gen kapasite fizik pou l travay atravè aksè adistans oswa mwayen ki sanble ak sa pandan yon òdonans karantèn oswa izòlman obligatwa oswa pou pran prekosyon.

Siyati Patwon an: _____ Dat: _____

Non Patwon an /Konpayi a Ekri ak Lèt Detache: _____

Konpayi asirans lan dwe peye oswa refize bay avantaj yo nan espas 18 jou ouvrab apre li fin resevwa demann ou an ki ranpli. Yo pa ka konsidere demann ou an pa konplè sèlman paske patwon ou an pa t ranpli Seksyon 3 ki anwo a oswa Pati B nan *Fòm PFL-1 an*.

Si ou pa dakò ak desizyon konpayi asirans lan pran an, oswa si peman an pa fèt alè, ou ka mande yon abitraj nan NAM (National Arbitration and Mediation) nan nyspfla.com.



Demann pou Konje Familyal Peye (Fòm PFL-1) Enstriksyon

- Pou mande Konje Familyal Peye (PFL), anplwaye ki fè demann PFL la dwe ranpli Pati A nan *Demann pou Konje Familyal Peye a (Fòm PFL-1)*. Tout seksyon ki sou fòm nan obligatwa sòf si yo di yo ochwa. Lè sa a, anplwaye a ap bay patwon an fòm nan pou l ranpli Pati B a.
- Patwon an ap ranpli Pati B nan *Demann pou Konje Familyal Peye a (Fòm PFL-1)* epi retounen li bay anplwaye a nan twa (3) jou ouvrab.
- Gen lòt fòm ki obligatwa selon kalite konje yo mande a. Anplwaye ki mande konje yo responsab pou ranpli fòm sa yo.
- **Anplwaye a soumèt *Demann ranpli pou Konje Familyal Peye a (Fòm PFL-1)* ansanm ak lòt fòm ki nesèsè yo bay konpayi asirans PFL patwon an ki mansyone nan Pati B *Demann pou Konje Familyal Peye a (Fòm PFL-1)*. Anplwaye a ta dwe kenbe yon kopi nan chak fòm ki soumèt yo pou dosye pa l.**

PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli)

Anplwaye k ap mande PFL la dwe ranpli tout enfòmasyon yo mande yo.

Demann PFL (anplwaye a dwe ranpli l)

Kesyon 12: Yon timoun gen ladan yon timoun byolojik, adopte, oswa yon timoun ki nan fwaye dakèy, yon bofis oswa bèlfi, yon titè legal, pitit yon moun ou plase avè l, oswa moun anplwaye a gen responsablite legal pou okipe l antanke paran. Yo defini yon paran kòm yon paran byolojik, yon paran adoptif oswa nan fwaye dakèy, bòpè oswa bèlmè, yon responsab legal, oswa lòt moun ki te pran responsablite legal pou okipe anplwaye a lè anplwaye a te yon timoun.

Kesyon 13: Si dat yo "pwolonje", anplwaye a dwe bay dat kòmansman ak dat PFL yo mande a fini. Dat sa yo ta dwe dat reyèl PFL la pral kòmansman epi fini. Si ou pa sèten, evalue dat li te kòmansman ak dat li te fini an epi endike "Dat yo te estime a." Si dat yo "Peryodik," antre dat yo pral pran PFL yo. Tanpri bay plis presizyon posib. Si yo pa t konnen

dat yo oswa si yo te estime yo, endike "yo te estime dat yo."

Si yo te estime dat yo, konpayi asirans PFL la ka mande ou soumèt yon demann pou peman **apre** yo fin pran jou PFL la. Li obligatwa pou peye demann ki apwouve yo kou sa posib, men nan okenn ka kote gen plis pase 18 jou apati dat demann lan ranpli a.

Kesyon 14: Si anplwaye a ap soumèt demann PFL la bay patwon li avèk yon avi davans ki mwens pase 30 jou parapò ak dat kòmansman PFL la, anplwaye a dwe eksplike poukisa li pa t ka bay avi davans 30 jou a. Si eksplikasyon an pa koresponn ak espas yo bay sou fòm nan, antre "Gade atachman an" epi ajoute yon atachman ansanm ak eksplikasyon an. Asire ou mete non konplè anplwaye a ak dat nesans li nan tèt atachman an.

Enfòmasyon sou Travay la (pou anplwaye a ranpli)

Kesyon 16: Antre dat anbochaj la pou gen yon pi bon souvni sou anplwaye a. Si gen plis pase yon ane ki pase depi dat anbochaj la, annik antre ane kote travay la te kòmansman a.

Kesyon 18: Antre, an mwayèn, pi bon estimasyon salè brit chak semèn nan. Mete sèlman salè yo touche nan men patwon ki endike sou fòm demann sa a. **Salè brit chak semèn nan se salè total chak semèn - ki gen ladan lè sipleman, tep, bonis ak komisyon - anvan patwon an fè okenn dediksyon,** tankou taks federal ak nasyonal. Si patwon an pa kapab bay enfòmasyon sa yo, anplwaye a ka kalkile salè brit li chak semèn nan fason sa a:

Etap 1: Ajoute tout salè brit ou resevwa yo (anvan okenn dediksyon) pandan uit dènye semèn yo anvan kòmansman PFL la, ki gen ladan lè sipleman ak tep ou touche yo. (*Gade Etap 3 pou jwenn enstriksyon pou kalkile bonis ak/oswa komisyon yo.*)

Etap 2: Divize salè brit yo kalkile nan premye etap la pa uit (oswa kantite semèn travay si li mwens pase uit) pou kalkile salè an mwayèn chak semèn.

Etap 3: Si anplwaye a te resevwa bonis ak/oswa komisyon pandan 52 semèn anvan PFL la, ajoute yon

fason pwopòsyonèl montan chak semèn sou salè mwayèn chak semèn nan. Pou detèmine kantite pwopòsyonèl chak semèn, ajoute tout bonis/komisyon ou te touche sou 52 semèn anvan yo epi annapre divize pa 52.

Egzanp yon kalkil salè brit chak semèn:

Semèn 1 - Salè brit gen ladan lè sipleman	\$550
Semèn 2 - Salè brit	\$500
Semèn 3 - Salè brit	\$500
Semèn 4 - Salè brit	\$500
Semèn 5 - Salè brit	\$500
Semèn 6 - Salè brit	\$500
Semèn 7 - Salè brit gen ladan lè sipleman	\$600
Semèn 8 - Salè brit gen ladan lè sipleman	+ \$550
Total =	\$4,200
Divize pa 8	÷ 8
Salè Mwayèn chak Semèn =	\$525
Bonis li te touche nan 52 semèn anvan	\$2,600
Divize pa 52	÷ 52
Bonis chak semèn pwopòsyonèl=	\$50

Fòm PFL-1 Enstriksyon yo kontinye nan pwochen paj la

PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli) - swit paj anvan an**Fòm PFL-1 Enstriksyon, swit paj anvan an**

Salè Mwayèn chak Semèn =	\$525
Bonis chak semèn pwopòsyonèl	+ \$50
Salè Mwayèn chak Semèn (san wete bonis) =	\$575

Tanpri sonje patwon an oblije bay tou enfòmasyon sa yo nan Pati B Demann pou Konje Familyal Peyè a (Fòm PFL-1).

Pandan prezantasyon fòm nan: Endike si anplwaye a soumèt alavans demann PFL li a. Soumisyon davans defini kòm soumèt demann lan alavans nan yon evènman k ap vini ki kalifye, ak kèk enfòmasyon nesèsè ki manke akòz yo pa t konnen enfòmasyon yo nan moman soumisyon an. Si konpayi asirans lan pèmèt soumisyon davans oswa si patwon an gen asirans pèsònèl, yo dwe bay enfòmasyon

Anplwaye a siyen epi mete dat anvan li bay patwon li a fòm sa a pou ranpli Pati B a.

ki manke yo lè yo vin konnen yo. Yo pa kapab detèmine avantaj yo jiskaske yo bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo.

Konpayi asirans PFL la oswa patwon ki gen asirans pèsònèl la pral voye yon avi bay anplwaye a nan senk jou ki 1) endike demann lan an annatant; 2) idantifye ki enfòmasyon ki manke; 3) endike kijan pou soumèt enfòmasyon ki manke yo. **Yon fwa yo bay tout enfòmasyon yo, konpayi asirans PFL la oswa patwon ki gen asirans pèsònèl la gen 18 jou pou peye oswa refize demann lan.**

Si konpayi asirans lan oswa patwon ki gen asirans pèsònèl la pa bay otorizasyon pou soumisyon alavans, konpayi asirans lan oswa patwon ki gen asirans pèsònèl la dwe retounen Demann pou Konje Familyal Peyè a bay anplwaye a nan senk jou pou eksplike demann nan ta dwe soumèt yon lòt fwa ankò lè tout enfòmasyon yo disponib.

PATI B - ENFÒMASYON SOU PATWON AN (pou patwon an ranpli)

Patwon anplwaye ki mande PFL la dwe ranpli tout enfòmasyon ki nan pati B yo.

Kesyon 2: Si yo itilize yon nimewo Sekirite Sosyal pou Nimewo idantifikasyon patwon federal la (FEIN), antre nimewo sekirite sosyal la.

Kesyon 3: Antre Kòd Klasifikasyon Endistriyèl Estanda patwon an (Standard Industrial Classification, SIC). Patwon yo ta dwe kontakte konpayi asirans yo a si yo pa konnen kòd SIC yo a.

Kesyon 8: Ou ka jwenn kòd pwofesyon anplwaye a nan: www.bls.gov/soc/2018/major_groups.htm.

Kesyon 9: Antre salè anplwaye a touche pandan uit dènye semèn yo anvan dat kòmansman PFL la. Montan brit yo peye a se salè brit anplwaye a chak semèn, ki gen ladan nenpòt lè siplemantè ak tep li touche pou semèn sa a, plis montan chak semèn ki pwopòsyonèl ak nenpòt bonis oswa komisyon li te resevwa pandan 52 semèn anvan yo. (Pou plis detay, gade Kesyon 18 ki kòmans nan paj 1 nan enstriksyon yo.) Kalkile salè mwayèn brit chak semèn lè ou adisyone montan brit yo peye yo, epi lè ou divize total la pa uit (oswa kantite semèn travay si li mwens pase uit).

Afimasyon anplwaye a elijib pou PFL: Yon anplwaye ki travay regilyèman 20 èdtan oswa plis chak semèn dwe travay pou omwen 26 semèn youn dèyè lòt. Yon anplwaye ki travay regilyèman mwens pase 20 èdtan chak semèn dwe te travay 175 jou.

Patwon an siyen epi mete dat yo, epi annapre retounen li bay anplwaye ki fè demann nan nan twa jou ouvab.

Kesyon 10: Si ou pa chwazi "Wi" pou ou mande konpayi asirans lan ranbousman an, sa pral lakòz yo anile dwa pou ranbousman an.

Kesyon 11a: 'Andikap' fè referans ak sitiyasyon andikape lwa NYS a egzije. Si repons lan se "okenn," antre yon "0" pou semèn total ak jou nan Kesyon 11b.

Kesyon 11b: Kantite semèn maksimòm ki disponib pou andikap legal nan NYS ak PFL nan yon peryòd 52 semèn se 26 semèn. Presize kantite total semèn, ansanm ak kantite jou adisyonèl si konje a gen ladan yon semèn pasyèl, ki pran pou andikap legal nan NYS ak PFL pandan 52 semèn anvan yo.

Kesyon 13, 14 & 15: Antre non konpayi asirans pou Konje Familyal Peyè a oswa Andikap/PFL, adrès ak nimewo kontra asirans ak PFL. Si patwon sa a gen asirans pèsònèl, antre non ak adrès kote demann PFL la ta dwe soumèt pou tretman.

Asire ou ranpli fòm PFL adisyonèl ki apwopriye a (yo) selon kalite konje yo mande a.

Avi Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive nan New York (Atik 6-A Lwa sou Fonksyonè Piblik) ak Lwa Federal sou Pwoteksyon Vi Prive 1974 (5 USC 552a).

Otorite ki nan Konsèy Pou Dedomajman Travayè yo (Konsèy la) gen pouvwa pou mande anplwaye k ap bay enfòmasyon pèsònèl yo, san wete nimewo sekirite sosyal yo oswa nimewo idantifikasyon kontribyab yo, baze sou otorite Konsèy administrasyon an genyen an amoni ak atik 142 nan Lwa sou Dedomajman Travayè yo. Nou rasanble enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la mennen ankèt sou demann yo epi trete yo pi rapid posib, epi ede li konsève dosye ki egzistat. Se ou menm ki ap deside si ou vle bay Konsèy la nimewo sekirite sosyal ou a oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab ou a. Konsèy lan ap pwoteje konfidansyalite ki nan tout enfòmasyon pèsònèl li genyen yo, epi li ap pataje enfòmasyon sa yo sèlman nan objektif travay ofisyèl li, epi li ap fè sa selon lwa ki aplikab nan eta a ak lwa federal la.



PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli)

1. **Non legal anplwaye a** (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

2. **Lòt siyati, si genyen, anplwaye a te itilize yo pou travay**

3. **Adrès lapòs anplwaye a**

4. **Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab pou Anplwaye a.**

 - -

5. **Dat nesans anplwaye a** (JJ/MM/AAAA)

 / /

6. **Nimewo telefòn prensipal anplwaye a**

 () -

7. **Adrès imel prefere anplwaye a pandan li sou PFL** (si disponib)

8. **Sèks anplwaye a:**

 M F X

9. **Lang anplwaye a prefere**

 English Español Русский Polski
 中文 Italiano Kreyòl Ayisyen 한국어
 Lòt

Ochwa (pou rezon rechèch)

10. **Etnisite/ras anplwaye a**

Sèlman pou rezon demografik medikal. (Gwoup kòd Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini an, (CDC), vèsyon 1.0)

Èske anplwaye a soti nan ras Ispanik, Latino, oswa Panyòl? (Yo ka chwazi youn oswa plizyè kategori.)

- Meksiken
- Meksiken Ameriken
- Chikano
- Pòto Riken
- Dominiken
- Kiben
- Lòt orijin Ispanik, Latino/a, oswa Panyòl?
- Pa gen orijin Ispanik, Latino/a, oswa Panyòl?
- Mwen pa konnen

Ki ras anplwaye a?

(Yo ka chwazi youn oswa plizyè kategori.)

- Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska
- Nwa oswa Afwo Ameriken
- Endyen Azyatik
- Chinwa
- Filipen
- Japonè
- Koreyen
- Vyetnamyen
- Lòt Azyatik
- Blan
- Awayen Natifnatal
- Gwamyen oswa Chamowo
- Samowan
- Lòt Moun Zile Pasifik
- Lòt ras

Demann Konje Familyal Peye (PFL) (anplwaye a dwe ranpli l)

11. **Rezon pou demann PFL:** Kontak ak timoun nan Swen pou manm fanmi Evènman ki kalifye pou militè

12. **Manm fanmi an se anplwaye:**

 Timoun Konjwen Moun ki nan plasaj Paran Bòpè oswa bèlmè Granparan Pitit pitit Frè ak Sè

Fòm PFL-1 (kontinye nan paj apre a)



POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (JJ/MM/AAAA)

□□	/	□□	/	□□□□
----	---	----	---	------

PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli) - swit paj anvan an

Fòm PFL-1- swit paj anvan an

13. Èske PFL la ap la an pèmanans ak/oswa yon lè konsa?

<input type="checkbox"/> Kontinye	Dat PFL la kòmanse (JJ/MM/AAAA)	Dat PFL la fini (JJ/MM/AAAA)	<input type="checkbox"/> Dat yo estime
	□□ / □□ / □□□□	□□ / □□ / □□□□	
<input type="checkbox"/> Tanzantan	Idantifye dat kote yo pral pran PFL la tanzantan:		<input type="checkbox"/> Dat yo estime

14. Si ou bay patwon an avi a nan mwens pase 30 jou davans, tanpri eksplike:

Enfòmasyon sou Travay la (pou anplwaye a ranpli)

15. Non Antrepriz la

16. Dat anplwaye a te anboche (MM/JJ/AAAA) □□ / □□ / □□□□

17. Pati kote yo mete w pou travay la.

Adrès minisipal		
Vil, Eta	Kòd postal	Peyi (si se pa Etazini)

18. Salè brit mwayen yon anplwaye chak semèn (Y ap mande ni anplwaye a ni patwon an done sa yo)

19. Nimewo telefòn patwon an pou kontakte l konsènan demann sa a (□□□□) □□□□ - □□□□□□

20a. Èske anplwaye a gen plis pase yon patwon? Wi Non20b. Si wi, èske anplwaye a pran PFL nan men lòt patwon an? Wi Non21. Èske anplwaye a resevwa kounye a avantaj salè ki pèdi nan dedomajman travayè yo? Wi Non

Deklarasyon pou pibliye Yo pral bay patwon an enfòmasyon konsènan avantaj PFL anplwaye a resevwa, tankou peman li resevwa ak kalite konje yo.

Deklarasyon ak siyati

Nenpòt moun ki fè espere ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun, ranpli yon aplikasyon pou asirans oswa deklarasyon ki gen rapò ak yon demann ranbousman ki gen nenpòt enfòmasyon ki vrèman fo, oswa ki kache nan lide pou twonpe moun, enfòmasyon konsènan tout sikonstans ki enpòtan, komèt yon zak asirans fwod, ki se yon krim, epitou sa ka lakoz ou peye yon amann sivil ki pa depase senk mil dola ak valè ki endike nan demann ranbousman an pou chak vyolasyon sa yo.

Mwen menm, pa mwayen dokiman sa a, mwen fè yon demann pou m resevwa Konje Familyal ki Peye an amoni ak Lwa sou Dedomajman Travayè yo nan NYS. Siyati mwen pwouve enfòmasyon m ap bay yo se verite epi yo egzat dapre tout sa mwen konnen epi kwè.

Siyati anplwaye a

Dat siyati (JJ/MM/AAAA)

□□	/	□□	/	□□□□
----	---	----	---	------

M ap soumèt fòm sa a davans (gade enstriksyon sou soumision alavans). Mwen konnen konpayi asirans la pral kontakte m pou l ban m konsèy sou fason pou m soumèt enfòmasyon nesèsè ki manke yo.

POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (JJ/MM/AAAA)

<input type="text"/>	/	<input type="text"/>	/	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
----------------------	---	----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------

PATI B - ENFÒMASYON SOU PATWON AN (pou patwon an ranpli)

1. Non legal konplè ak adrès postal biznis

Non biznis la

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

2. FEIN Anplwaye a

<input type="text"/>	-	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------

3. Kòd Klasifikasyon Endistriyèl Estanda Patwon an (SIC).

<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
----------------------	----------------------	----------------------	----------------------

4. Non kontak patwon an pou kesyon ki gen rapò ak PFL

5. Nimero telefòn kontak patwon an

(<input type="text"/>)	<input type="text"/>	-	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
---	----------------------	---	----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------

6. Adrès imel kontak patwon an

7. Dat anplwaye a te anboche (MM/JJ/AAAA)

<input type="text"/>	/	<input type="text"/>	/	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
----------------------	---	----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------

8. Pwofesyon anplwaye a Kòd yo disponib nan: www.bls.gov/soc/2018/major_groups.htm

<input type="text"/>	-	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------

9. Antre 8 dènye semèn salè brit anplwaye a epi kalkile mwayèn salè brit la chak semèn.

Semèn no.	Dat fen semèn (MM/JJ/AAAA)	Kantite jou travay	Montant brit ki peye
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			
8			
Kalkile mwayèn salè brit la chak semèn :			

10. Si anplwaye a te resevwa oswa si li pral resevwa salè konplè li pandan li nan PFL la, èske patwon an ap mande ranbousman? Wi Non

Fòm PFL-1 (kontinye nan paj apre a)

POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (JJ/MM/AAAA)

□	□	/	□	□	/	□	□	□	□
---	---	---	---	---	---	---	---	---	---

PATI B - ENFÒMASYON SOU PATWON AN (pou patwon an ranpli) - swit paj anvan an

Fòm PFL-1- swit paj anvan an

11a. Nan 52 semèn anvan yo, anplwaye a te pran konje pou: Andikap nan NYS PFL Andikap ak PFL Okenn

11b. Antre kantite total semèn ak jou yo pran pou Andikap ak PFL nan 52 dènye semèn yo:

Andikap:	Semèn	Tanpri bay dat presi pou Andikap la:
	Jou	

PFL:	Semèn	Tanpri bay dat presi pou PFL la:
	Jou	

12. Èske anplwaye a ap benefisye Lwa sou Konje Familyal pou rezon Medikal (Family Medical Leave Act, FMLA) ansanm ak PFL? Wi Non

13. Non konpayi asirans PFL la ak adrès postal

Non konpayi asirans PFL la

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

14. Nimewo telefòn konpayi asirans la (□ □ □ □) □ □ □ □ - □ □ □ □ □ □

15. Nimewo kontra PFL la _____

Deklarasyon ak siyati

 Mwen sètifye anplwaye a travay regilyèman 20 èdtan oswa plis chak semèn epi li te travay pandan omwen 26 semèn youn apre lòt OSWA anplwaye a travay regilyèman mwens pase 20 èdtan chak semèn epi li te travay pandan omwen 175 jou.

Nenpòt moun ki fè espre ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun, ranpli yon aplikasyon pou asirans oswa deklarasyon ki gen rapò ak yon demann ranbousman ki gen nenpòt enfòmasyon ki vrèman fo, oswa ki kache nan lide pou twonpe moun, enfòmasyon konsènan tout sikonstans ki enpòtan, komèt yon zak asirans fwod, ki se yon krim, epitou sa ka lakoz ou peye yon amann sivil ki pa depase senk mil dola ak valè ki endike nan demann ranbousman an pou chak vyolasyon sa yo.

Mwen se moun ki otorize pou m siyen kòm patwon anplwaye k ap mande PFL la. Siyati mwen pwouve enfòmasyon m ap bay yo se verite epi yo egzat dapre tout sa mwen konnen epi kwè.

Siyati Patwon ki otorize a

Dat siyati (JJ/MM/AAAA)

□	□	/	□	□	/	□	□	□	□
---	---	---	---	---	---	---	---	---	---

Tit